

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Basa miboga fungsi pikeun mikir jeung komunikasi. Basa anu mangrupa hiji sistem komunikasi ngaliwatan alat ucap katut pangdéngé di antara anggota kelompok atawa masarakat nu tangtu. Manusa bisa ngayakeun komunikasi silih tukeur pangalaman, ngedalkeun eusi haténa atawa rasa, kahayang jeung imajinasina ku basa.

Pangajaran basa Sunda mibanda opat kaparigelan makéna basa anu baris diajarkeun ka siswa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis nu bener tur luyu jeung aturan-aturan tata basa. Ngaregepkeun jeung nyarita dianggap primér, sedengkeun maca jeung nulis dianggap sekundér, anu dina kahirupan sosial geus nunjukkeun perananana nu kawilang gedé pisan. Ku sabab kitu, siswa kudu boga kamampuh dina aspék kaparigelan makéna basa éta.

Dina jaman kiwari kagiatan maca miboga peranan penting. Para ahli geus bisa nyindekkeun yén ku maca jeung nulis hasil komunikasi bisa leuwih hadé.

Upaya-upaya pikeun ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis. Di sakola disadiakeun fasilitas bacaan di perpustakaan. Hal ieu mangrupa kagiatan nu ngarojong pikeun ningkatkeun kamampuh maca jeung kamampuh nulis siswa. Salian ti éta loba kasempetan pikeun aktivitas maca jeung nulis pikeun masarakat, hususna pikeun siswa.

Maca jeung nulis mangrupa hal nu kawilang penting. Pikeun ngahontal hasil anu maksimal, tangtuna kudu aya perhatian kana pentingna peranan maca jeung nulis. Salian ti éta, penting ayana minat hiji jalma ngalakukeun kagiatan éta. Salaku siswa geus sakuduna miboga kasadaran nu leuwih kana perluna maca jeung nulis, jeung sakaligus ngalakukeun maca jeung nulis sacara teratur, nepi ka bisa ngahontal hasil nu maksimal.

Aktivitas maca miboga hubungan jeung aktivitas nulis. Di nagara Indonésia, minat maca masarakat Indonésia héngkér, akibatna aktivitas nulis ogé héngkér. Tegesna, maca jeung nulis can jadi budaya.

Dina ieu panalungtikan baris dipedar dua komponén basa, nya éta maca jeung nulis. Maca kaasup kana tahap pamahaman, sedengkeun nulis kaasup kana tahap aplikasi. Ku sabab kitu, ieu panalungtikan bakal méré gambaran ngeunaan tahap pamahaman siswa dina maca jeung tahap aplikasi siswa dina nulis.

Kagiatan maca mangrupa salahiji kagiatan ngaregepkeun, ogé mangrupa kagiatan komunikasi, ku sabab maca téh teu béda jeung narima pesen tina buku-buku. Kiwari, élmu pangaweruh jeung téknologi gedé pisan pangaruhna kana sagala aspek kahirupan manusa. Salahiji pangaruhna nya éta kana widang informasi. Sagala informasi bisa nyebar ku cara gampang tur gancang. Hal ieu taya lian dibantuan ku média céetak jeung média éléktronik.

Sangkan henteu tinggaleun informasi, masarakat kudu aya kahayang pikeun nyaho informasi. Informasi nu ditarima teu langsung bisa kacangkem ku anu maca. Eusi informasi dina wong tulisan, saperti dina majalah, buku-buku, jeung sajabana. Éta informasi bisa kacangkem eusina, lamun nu maca mibanda

dua kamampuh kana éta hal. Lian ti kamampuh dina maca pamahaman eusi, kamampuh dina ngébréhkeun deui eusi tina hasil maca, kudu dipibanda deuih. Éta kamampuh téh bisa ku cara lisan atawa tulisan. Hal ieu hadé lamun dilaksanakeun sarta dilatihkeun ka siswa-siswa di sakola, sangkan jadi kabiasaan nu hadé dina nyangkem sakabéh mata pelajaran, pang-pangna dina pangajaran maca jeung dina pangajaran nulis. Tangtu waé geus pada mikanyaho yén maca téh mangrupa jandélana dunya, konci pikeun diajar. Éta hal disababkeun maca miboga kauntungan anu kacida gedéna. Sawatara kauntunganana nya éta :

- a) Bisa nyangkem/meunang informasi anu bisa dijadikeun bahan dina nyarita jeung nulis.
- b) Bisa leuwih akrab jeung téknik-téknik sarta berbagé/sagala métode anu bisa digunakeun ku para panulis dina maparkeun gagasanana.
- c) Ku cara maca urang bisa nambahán wawasan/élmu pangaweruh. Anu asalna teu nyaho jadi nyaho, anu asalna teu bisa jadi bisa.

Kamampuh maca wacana basa Sunda nyoko kana dua komponén anu ngawanganuna, nya éta gancangna maca jeung pamahaman eusi wacana (prosa). Kamampuh maca perlu dironjatkeun ku pangajaran maca anu leuwih hadé, sangkan bisa ngarojong kana ambahan mikir diri siswa dina sagala widang, pangpangna dina ngaronjatkeun préstasi diajar siswa. Jadi, tujuan pangajaran maca téh taya lian museurkeun kana tarékah pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca siswa.

Keterangan éta iuyu jeung pamadegan Nuttal dina *Kelompok Studi Bahasa dan Sastra Indonesia* anu nétélakeun yén :

“Tujuan program pengajaran membaca adalah meningkatkan kemampuan siswa agar dapat membaca teks yang asli yang belum pernah dikenalnya dengan tingkat kecepatan yang memadai dan tidak mengalami hambatan dengan pemahaman yang tepat dan memadai.”

Jadi, sakumaha nu geus dijéntrékeun ti heula, dina ieu panalungtikan dipedar dua variabel nu ngawengku variabel kamampuh maca jeung kamampuh nulis. Dua variabel ieu dipatalikeun naha aya korélasina atawa henteu. Bisa katitén dina ieu judul panalungtikan nya éta ‘Korélasí Antara Kamampuh Maca jeung Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi Siswa SMP.’

Kasang tukang masalah ieu panalungtikan, nya éta saperti kieu :

- a) Kaparigelan basa siswa dina nulis karangan masih lemah jeung masih merlukeun pembinaan.
- b) Kamampuh ngarang éta mangrupa salasahiji kaparigelan anu diperlukeun ku para siswa pikeun neruskeun pendidikanna ka tingkat nu leuwih luhur.
- c) Kaparigelan nulis karangan mangrupa salasahiji kaparigelan anu penting sabab bisa ngadorong siswa sangkan produktif tur ngahasilkeun gagasan-gagasan atawa idé-idé nu logis jeung miboga tujuan.

Para siswa perlu dibéré tugas ngarang sabagé latihan pikeun ngutarakeun hiji masalah, ngalaporkeun masalah, jeung usaha pikeun ngaréngsékeun masalah nu diwujudkeun dina wangu karangan éksposisi.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Nilik kana kasang tukang, aya sawatara masalah anu kapanggih jeung perlu diwatesanan. Masalah-masalah diwatesanan ngan ngawengku hal-hal nu aya patalina jeung kamampuh maca sarta hal-hal nu aya patalina jeung kamampuh nulis.

Anu dimaksud kamampuh maca dina ieu tulisan, nya éta kamampuh maca pamahaman eusi bacaan anu mangrupa karangan eksposisi. Anu dimaksud kamampuh nulis nya éta kamampuh siswa dina nuliskeun deui atawa ngaréproduksi karangan eksposisi. Aspék kamampuh nulis siswa nu kudu dipaluruh téh nya éta :

- 1) Cara ngagunakeun éjahan, ngawengku nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, ngalarapkeun tanda baca.
- 2) Eusi karangan, ngawengku cara mekarkeun eusi karangan, kasaluyuan idé, gagasan jeung prosédur léngkah-léngkah, atawa prosés sacara sistematis, jeung kuantitas eusi karangan.
- 3) Paragraf ngawengku cara mekarkeun paragraf, patalina antarparagraf jeung bagéan-bagéan eusi sarta susunan paragraf.

1.2.2. Rumusan Masalah

Sangkan watesan masalah jéntré tur sipatna husus, bisa dirumuskeun ku patalékan-patalékan saperti ieu :

- 1) Kumaha kamampuh maca pamahaman karangan eksposisi basa Sunda siswa SMPN I Malangbong Garut?
- 2) Kumaha kamampuh nulis karangan eksposisi basa Sunda siswa SMPN I Malangbong Garut?
- 3) Naha aya patalina anu posistif tur signifikan antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis karangan eksposisi siswa SMPN I Malangbong Garut?
 Maksudna, upama aya hubungan antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis eksposisi hartina kamampuh maca nu luhur bakal dibarengan ku kamampuh nulis eksposisi nu luhur. Kitu deui kamampuh maca nu handap bakal dibarengan kamampuh nulis eksposisi nu handap. Sabalikna, upama teu aya hubungan antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis eksposisi miboga harti yén kamampuh maca nu handap bisa ogé dibarengan kamampuh nulis eksposisi nu luhur bisa ogé kamampuh maca nu luhur dibarengan ku kamampuh nulis eksposisi nu handap.

1.3. Tujuan jcung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan, nya éta ngadéskripsikeun :

- 1) Tingkat kamampuh maca siswa, miboga gambaran umum kana kamampuh maca pamahaman eusi karangan eksposisi basa Sunda siswa SMPN I Malangbong Garut.

- 2) Kamampuh nulis (ngaréproduksi) karangan eksposisi basa Sunda siswa SMPN I Malangbong Garut. Ku sabab dipikanyahona tingkat kamampuh maca jeung nulis eksposisi siswa, mangka bisa aya gunana pikeun guru sangkan ngupayakeun faktor-faktor nu ngarojong, nepi ka bisa ngaronjatkeun kamampuh maca jeung nulis eksposisi siswa.
- 3) Aya henteuna hubungan anu positif tur signifikan antara kamampuh maca pamahaman eusi jeung kamampuh nulis karangan eksposisi basa Sunda siswa SMPN I Malangbong Garut. Ku dipikanyahona aya henteuna hubungan antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis eksposisi, bisa méré inspirasi pikeun guru dina nangtukeun métode jeung léngkah-léngkah nu baris dipilampah, waktu ngajarkeun kamampuh maca jeung kamampuh nulis eksposisi.
- 4) Gambaran ngeunaan kasalahan nu dilakukeun ku siswa dina ngarang jeung cara menerkeunana.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Hasil tina panalungtikan éta dipiharep aya mangpaatna. Éta mangpaat téh di antarana :

- 1) Pikeun nu nalungtik, bisa ngabuktikey tur boga kacindekan ngeunaan patalina kamampuh maca pamahaman jeung kamampuh nulis karangan eksposisi. Panalungtikan baris ngalaksonakeun uji coba terejegan langsung ka sakola, nepi ka bisa nambahann pangaweruh jeung pangalaman.

- 2) Pikeun siswa bisa sadar kana pentingna maca. Bisa paham kana eusi bacaan sahingga ngaronjatkeun kana kamampuh nulis dina wong karangan eksposisi, sarta saluyu jeung aturan-aturan tata basa. Siswa bisa nyangkem naon-naon nu aya dina bacaan anu dibaca.
- 3) Pikeun guru basa Sunda, ngandung mangpaat bisa dijadikeun tatapanan pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa, boh dina maca boh dina nulis.
- 4) Ku ayana panalungtikan ieu dipiharep bisa aya kontribusi anu nyata pikeun SMPN I Malangbong kana ningkatkeun kamampuh para siswa, nepi ka bisa nimbulkeun kapercayaan masarakat kana eksistensi lembaga pendidikan éta. Sabab geus ngabingbing budak didikna kalayan bener, boh binaan mental, fisik, jeung inteléktual.

1.4. Wangenan Operasional

- a) Korélasii atawa hubungan, dina ieu panalungtikan nya éta ayana hubungan hiji variabel jeung variabel séjenna dina kelompok nu sarua. Sabagé conto upama aya hubungan antara kamampuh maca (Y_1) jeung kamampuh nulis eksposisi (Y_2) miboga harti yén kamampuh maca nu luhur dibarengan kamampuh nulis eksposisi nu luhur. Kitu deui upama ayana kamampuh maca nu handap ti siswa dibarengan kamampuh nulis eksposisi nu handap ti siswa.
- b) Kamampuh maca, maksudna kamampuh siswa nyebutkeun informasi nu aya dina bacaan ku cara ngajawab patalékan jenis pilihan ganda. Informasi

éta ngawengku gagasan utama bacaan, gagasan tambahan, jeung kasimpulan bacaan.

- c) Kamampuh nulis eksposisi, maksudna kasanggupan siswa nulis atawa nyusun hiji karangan jenis paparan. Karangan wangun paparan nya éta karangan nu ngabénjérbéaskeun hiji poko pikiran nu bisa ngalegaan wawasan sawangan pamaca. Jadi, karangan paparan ieu mangrupa salasahiji karangan sifatna nonfiksi.
- d) Karangan eksposisi nya éta karangan anu medar hiji pasualan anu eusina dimaksudkeun pikeun méré penjelasan ngeunaan hiji subjék ka anu maca. Méré gambaran anu salengkep-lengkepna ngeunaan subjék éta ka nu maca (*Keterampilan Berbahasa Membaca, Menulis, Berbicara*, Ch. Suyanto 1988 : 71).

1.5. Anggapan Dasar

Anggapan dasar ieu panalungtikan nya éta :

- 1) Pangajaran maca pamahaman jeung nulis mangrupa bagéan tina pangajaran basa Sunda anu aya dina Kurikulum Muatan Lokal Basa Sunda 2004.
- 2) Maca pamahaman kaasup kana salasahiji komponén kaparigelan makéna basa, nu mangrupa hiji prosés maca anu dipilampah sangkan bisa ngajelaskeun deui naon-naon anu dibacana.

- 3) Nulis kaasup kana salasahiji komponén kaparigelan makéna basa, anu mibanda fungsi penting minangka pakakas pikeun nyatet, ngalaporkeun, méré nyaho, jeung mangaruhan nu lian.
- 4) Dina prosés diajar ngajar, boh dina pangajaran basa Sunda, boh pangajaran séjénna, guru jeung murid moal leupas tina kagiatan maca.

1.6. Populasi jeung Sampel

1.6.1. Populasi

Populasi nya éta objék atawa subjék anu aya di hiji wilayah jeung saluyu nyumponan sarat-sarat anu tangtu patali jeung masalah panalungtikan. Populasi aya hubunganana jeung data, lain manusia atawa objékna (Nazir, 1983 : 327).

Anu dijadikeun populasi dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh maca pamahaman jeung kamampuh nulis karangan eksposisi siswa SMP kelas VII.

1.6.2. Sampel

Sampel nya éta bagéan tina populasi anu miboga ciri-ciri atawa kaayaan nu tangtu anu baris ditalungtik.

Ieu panalungtikan maké téknik sampel, téknik sampel anu dipaké teknik random ku cara acak, sabab populasi dianggap homogén, jadi sumber data anu unsurna miboga sifat nu sarua sahingga teu perlu ngamasalahkeun jumlahna sacara kuantitatif. Prosédurna ku cara diundi.

1.7. Métode jeung Téknik Panalungtikan

1.7.1. Métode Panalungtikan

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptip tipe studi korélasí. Ieu métode mangrupa salasahiji métode anu dipaké ngaréngsékeun masalah anu aktual sakumaha ayana dina waktu panalungtikan. Métode ieu dilakukeun ku jalan nyieun papasingan, ngumpulkeun, nganalisis, jeung napsirkeun data (Surakhmad, 1982 : 143).

1.7.2. Téknik Panalungtikan

Téknik nu dipaké nya éta :

Téknik tés, dilaksanakeun ku cara méré tés objéktif pikeun tés maca pamahaman karangan éksposisi jeung tés ngarang (ngaréproduksi) karangan éksposisi. Sedengkeun téknik anu dipaké dina ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta statistik déskriptip jeung statistik analitik. Statistik déskriptip digunakeun pikeun ngadéskripsiyeun variabel panalungtikan anu mangrupa hasil ngukur. Statistik analitik mangrupa tuluyan tina analitik déskriptip. Digunakeun pikeun nguji hipotésis jeung sarat-sarat sarta pikeun kaperluan generalisasi. Analisis data saperti ngabandingkeun variabel, ngahubungkeun dua variabel atawa leuwih, néangan pangaruh variabel nu hiji jeung variabel lainna.

Téknik analitik dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik analitik korélasí, anu digunakeun pikeun ningali hubungan tina dua hasil pangukuran atawa dua variabel anu ditalungtik. Uji dua rata-rata atawa uji t, digunakeun

pikeun ningali aya henteuna pangbéda anu miboga harti nu penting dina dua hasil pangukuran hiji variabel atawa dua variabel nu ditalungtik.

1.8. Léngkah Gawé

1. Tahap Tatahar
 - a. Ngarancang judul
 - b. Ngayakeun studi pustaka
 - c. Nangtukeun judul
 - d. Ngajukeun judul
2. Tahap ngumpulkeun data
 - a. Ménta surat idin panalungtikan ti pihak-pihak nu tangtu
 - b. Ngayakeun téss pamahaman pikeun siswa SMP kelas VII
3. Tahap ngolah data
 - a. Nganalisis hasil téss maca pamahaman
 - b. Mariksa hasil analisis jeung nyindekkeun
4. Tahap nyusun Laporan
 - a. Napsirkeun jeung nyindekkeun hasil panalungtikan

